



Pou Piblikasyon Imedya: 03/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL RATIFYE PWOJÈ LWA KI TABLI FON POU EDIKASYON AK REKIPERASYON POU TWoub KI LYE AK ITILIZASYON DWÒG

Lejislasyon S.4086/A.6553 a otorize kado, sou deklarasyon enpo sou revni pèsònèl pou edikasyon ak rekiperasyon pou twoub ki lye ak itilizasyon dwòg

Gouvènè Kathy Hochul te ratifye jodi a, lejislasyon (S.4086/A.6553) ki tabli Fon pou Edikasyon ak Rekiperasyon pou twoub ki lye ak itilizasyon dwòg la epi otorize kado, sou deklarasyon enpo sou revni pèsònèl pou edikasyon ak rekiperasyon pou twoub ki lye ak itilizasyon dwòg.

"Batay kont itilizasyon dwòg la se yon batay pèsònèl pou mwen, epi mwen fyè pou pran mezi sa yo nan New York pou konbat epidemi sa," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou pèmèt Nouyòkè yo sipòte manm nan kominote yo ak kado sa yo se yon fason ki inestimab pou fè tout moun travay ansanm pou sove lavi. Moun k ap goumen ak itilizasyon dwòg yo merite èd ak sipò nou pandan y ap goumen pou rekipere epi nan New York, n ap asire ke yo jwenn sa menm."

Lejislasyon S.4086/A.6553 kreye yon prelevman enpo sou revni k ap rele Fon pou Edikasyon ak Rekiperasyon pou Twoub ki Lye ak Itilizasyon Dwòg. Lajan ki nan fon sa ap itilize pou bay sibvansyon pou òganizasyon pou bay edikasyon, prevansyon, tretman oswa rekiperasyon pou sila yo k ap souffri ak twoub ki lye ak itilizasyon dwòg.

Senatè Michelle Hinchey te deklare, "Kriz twoub ki lye ak itilizasyon dwòg la te ravaje prèske chak kwen nan eta nou an, ki revandike lavi pwòch nou epi kite fanmi ak kominote yo devaste sou pasaj li. Chak moun genyen yon wòl pou jwe pou simonte epidemi òvèdòz la epi mete fen nan stigma ki antoure adiksyon an. Pwojè lwa mwen an ak Manm Asanble McDonald la pral kreye Fon pou Edikasyon ak Rekiperasyon pou Twoub ki lye ak itilizasyon dwòg ak yon dediksyon enpo sou revni pou moun k ap kontribye yo ap pèmèt Nouyòkè chak jou yo fè pati solisyon an. Pwogram prevansyon, tretman, ak rekiperasyon nan twoub ki lye ak itilizasyon dwòg sove lavi, epi pwojè lwa nou an asire ke fon sa yo ale dirèkteman nan òganizasyon ki responsab pou travay sa. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li ratifye pwojè lwa nou an, epi mwen pa ka tann pou kolaborasyon kontini nou pou fè inisyativ kreyatif, ki akse sou sante sa avanse, k ap mete fen nan kriz twoub ki lye ak itilizasyon dwòg la nan Eta New York."

Manm Asanble John T. McDonald III, te deklare, "Twoub ki lye ak itilizasyon dwòg se yon pwoblèm sante ki afekte pwofondeman lavi twòp moun. Nou souvan tandè kesyon, kisa m ka fè pou ede? Nouvo lwa sa pèmèt yon kontribyab kontribye nan yon fon edikasyon ak rekiperasyon pou twoub ki lye ak itilizasyon dwòg sou deklarasyon enpo sou revni yo. Lè nou bay yon mekanis ki fasil pou finansman dirèk ale nan sipò pou prevansyon, tretman, ak rekiperasyon, nou tout ka fè pati solisyon an epi fè pati pa nou pou ede sila yo k ap goumen ak twoub ki lye ak itilizasyon dwòg ak pwòch yo. Mèsi a patnè mwen nan lejislasyon sa, Senatè Michelle Hinchey, mwen apresye devouman ou pou pwoblèm sa epi mèsi a Gouvènè Kathy Hochul paske li ratifye mezi sa an lwa ak pou angajman kontini li pou sipòte twoub ki lye ak itilizasyon dwòg la."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)